# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कानपुर पहुंचि के पहलगाम आतंकी हमला में मारल गइल नौजवान शुभम द्विवेदी के सरधांजलि दिहलें। उहां के शुभम के परिवार के लोगिन से मिली के उनकरे बदे सोक संवेदनों जतउलीं। येह मौका पर मीडिया से बतियावत मुख्यमंत्री कहलन कि सरकार आतंकवाद के खिलाफि जीरो टॉलरेंस के नीति के तहत काम कइ रहलि हौ आ अगहूं येही पर काम करति रही। सरकार आतंकवाद के येह तरीका से कुचलि कि सब लोगि देखिहें आ इयादि रखिहैं।

**जिन लोगों ने आतंकी घटना को अंजाम दिया है या इस साजिश का हिस्सा बने हैं, यह जीरो टॉलरेंस की नीति देखने को मिलेगी और हर व्यक्ति इस घटना के जो परिणाम अब सामने आएंगे उसको भी देखेगा।**

येहसे पहिले, काल्हि राति कानपुर के नौजवान शुभम द्विवेदी आ नेपाल क रहवइया सुदीप क पार्थिव सरीर लखनऊ हवाई अड्डा पे लावल गइल, जहवां उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक सरधांजलि दिहलैं। कानपुर क परभारी मंत्री योगेंद्र उपाध्याय आ कैबिनेट मंत्री राकेश सचान सव के साथे कानपुर के महराजपुर इलाका में शुभम के पैतृक गउवों पर चहुंपलें।

बाईस अप्रैल के जम्मू कश्मीर के अनंतनाग जिला कै पहलगाम इलाका के बैसरन घाटी में अज्ञात आंतकी छब्बीस गो पर्यटकन क हत्या कइ दिहले रहलें, जिहमें कानपुर का नौजवान शुभम द्विवेदियो सामिल रहलें।

**********

पहलगाम में भइल आतंकी हमला के खिलाफ विरोध परदरसन क सिलसिला लगतारे आजु दूसरको दिने जारी रहल। अलगि अलगि राजनीतिक आ सामाजिक संगठन जगहि जगहि नारेबाजी कइलें अउरि आतंकवाद क पुतला फूंकले। प्रस्तुत ह एगो रिपोर्ट–

**वाराणसी में विशाल भारत संस्थान के युवा परिषद समीति व कई अन्य सामाजिक कार्यकर्ताओं ने आतंकवादी संगठनों के खिलाफ प्रदर्शन किया और आतंकवाद का पूतला फूंका। जौनपुर क्लेक्ट्रेट परिसर में अंतरराष्ट्रीय हिन्दू परिषद और राष्ट्रीय बजरंगदल के कार्यकर्ताओं ने विरोध जताया और हमले में मरने वालों के प्रति शोक संवदेना व्यक्त की। वहीं अधिवक्ताओं ने भी पाकिस्तान के खिलाफ नारेबाजी की। अमरोहा में भाजपा कार्यकर्ताओं ने विरोध प्रदर्शन करते हुए केन्द्र सरकार से आतंकवादियों के खिलाफ सख्त कार्रवाई की मांग की। इसी तरह अयोध्या, बलिया, गाजीपुर, बस्ती, गोरखपुर, देवरिया, महराजगंज समेत कई जिलों में विरोध प्रदर्शन का क्रम जारी रहा। समाचार कक्ष से मैं अरूण।**

**********

प्रदेस क आतंकवाद निरोधक दस्ता–एटीएस क नोएडा टीमि आ गाजियाबाद पुलिस मिललि जुललि कार्रवाई में काल्हि राति एगो संदिग्ध आतंकवादी मंगत सिंह उर्फ मंगा के गिरफ्तार कइ लिहले। ओके गाजियाबाद से पकड़लि गइल। ऊ प्रतिबंधित आतंकवादी संगठन खालिस्तान कमांडो फोर्स–केसीएफ क सक्रिय सदस्य हौ आ पछिला तीस सालि से फरार चलत रहे। गिरफ्तार आतंकी पर पचीस हजार रुपिया क इनाम घोसित रहल।

**********

विश्व स्वास्थ्य संगठन क विश्व टीकाकरण हफ्ता दुई हजार पचीस आजु से सुरू हो गइल। ई तीसि अप्रैल ले चली। येह बरिस विश्व टीकाकरण सप्ताह क थीमि ह–सभी के लिए टीकाकरण मानवीय रूप से संभव हो।

विश्व टीकाकरण सप्ताह के तहत प्रदेस के अलगि अलगि जिलन में अजुए से विशेस टीकाकरण अभियान सुरू भइल, जवन दस मई ले चली। गोरखपुर जिला में विशेष अभियान क सुरूआत करत मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉ राजेश झा बतउलें कि एकरे तहत स्कूल कॉलेज में सत्र लगा के छूटल दस से सोलह बरिस आयु वरग के लइकन के टिटनस आ डिप्थीरिया से बचाव बदे टीडी दस अउरि टीडी सोलह क टीका लगावल जइहैं।

**********

प्रदेस भर में आजु राष्ट्रीय पंचायती राज दिवस मनावल जा रहल हौ। चौबीस अप्रैल के हरि सालि ई दिवस मनावल जाला। येहि दिन्ने, ओन्नईस सौ तिरानबे में तिहतरवां संविधान संसोधन अधिनियम लागू होखले के सथहीं पंचायती राज संस्थानन के संवैधानिक दरजा मिललि रहे।

येह मौका पर पंचायीत राज व्यवस्था के मजबूत बनावे आ ग्रामीण विकास में ओकर भूमिका देखलवले के उद्देस्य से प्रदेस के सज्जो जिलन में ग्राम सभा के खासि बैइठकी के सथहीं गोष्ठी आ कई गो जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवें।

**********

प्रदेस भर में भीसण गरमी आ लू क परकोप जारी बा। मौसम विज्ञान विभाग के हिसाबि से अगिला तीन दिन ले प्रदेस के जियादातर जिलन में गरमी आ लू क सिलसिला येही तरियन जारी रहि। विभाग के ओरि से बांदा, चित्रकूट, कौशाम्बी, प्रयागराज, फतेहपुर, प्रतापगढ़, सोनभद्र, मिर्जापुर, चंदौली, वाराणसी, जौनपुर, गाजीपुर, आजमगढ़, मऊ, बलिया, कानपुर, रायबरेली, अमेठी अऊरि सुल्तानपुर लेहले पूरबी आ पस्चिमी इलाका के पचीस से अधिक जिलन में लू के लेके येलो अलर्ट जारी कइल गइल हौ। ओहर, गरमी आ लू से लइकन के बचावे बदे लखनऊ, कौशाम्बी आ अम्बेडकरनगर के लेके कई जिलन क जिलाधिकारी कक्षा एक से आठ तक ले सज्जो स्कूलिन के समय में बदलाव करत दुपहरिया साढ़े बारह बजे ले स्कूलन क छुट्टी कइले क आदेस जारी कइले हवें।

**********